Халық депутатлары Шымбай районлық Кеңеси

ШЕШИМИ

2018-жыл 27-декабрь **34/118-санлы**

Шымбай районының 2019-жылғы бюджет параметрлерин тастыйықлаў ҳаққында

Шымбай районы Финанс бөлими тәрепинен усынылған ҳәм Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 100-статьясының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Шымбай районы жергиликли бюджетиниң 2018-жылғы белгиленген тийкарғы параметрлерин қарап шығып халық депутатлары Шымбай районлық Кеңесиниң отыз төртинши сессиясы

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. 2019-жылғы Шымбай районы жергиликли бюджетиниң бюджет параметр көрсеткишлери ҳаққында районлық Финанс бөлими баслығы П.Ибраймовтиң мәлимлемеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Шымбай районы жергиликли бюджетиниң 2019-жылғы дәраматлары бойынша тийкарғы көрсеткишлери 1-қосымшаға, қәрежетлер бойынша тийкарғы көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Район ҳәкиминиң биринши орынбасары К.Абдуллаев, районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (К.Байжанов), районлық Финанс бөлими (П.Ибраймов) менен биргеликте Шымбай районы жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Шымбай районы Финанс бөлими (П.Ибраймов)не:

2019-жыл даўамында жергиликли бюджет қәрежетлериниң қысқарыўы нәтийжесинде пайда болған қосымша қаржылар дереги есабынан районды социаллық-экономикалық раўажландырыў барысындағы ис-иләжларды әмелге асырыў ушын зәрүр өзгерислер киритип барыў;

бюджеттен қаржы алыўшылардың бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализлеп барыў, бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған ҳәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыў жағдайлары пайда болған бюджет мәкемелерин қысқартыў мәселелери бойынша район ҳәкимлигине ҳәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

районлық Қазнашылық бөлимбеси менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы ҳәмде олардың мақсетсиз жумсалыўының алдын алыў үстинен қазнашылық орынланыўы системасы арқалы қатаң қадағалаўға алыў;

Халық депутатлары районлық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша ҳәр шеректе есабат киритип барыў тапсырылсын.

5. Район ҳәкиминиң биринши орынбасары К.Абдуллаев, тийисли мәкемелер менен биргеликте бюджет дәраматларының тастыйықланған көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў, аймақларда салық салыў базасын кеңейтиў ҳәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр илажлар көриў, бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизиў тапсырылсын.

6. Халық депутатлары Шымбай районлық Кеңесиниң 2017-жыл 31-декабрь күнги “Шымбай районы жергиликли бюджетиниң 2017-жылғы күтилип атырған орынланыўы ҳәм 2018-жылғы жергиликли бюджетиниң тийкарғы белгиленген параметрлери ҳаққында”ғы 25/68-санлы (“Шымбай ҳаўазы” газетасы 2018-жыл 12-январь 1-сан (8521)) шешими өз күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Шымбай районлық Кеңесиниң жергиликли бюджет, экономикалық реформаны әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына жүкленсин.

8. Усы шешим “Шымбай ҳаўазы” газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

9. Усы шешим рәсмий баспада жәрияланған күннен күшке киреди.

Сессия басқарыўшысы **П.Ещанов**

SHIMBAY RAYONLIQ CHIMBOY TUMANI KENGASHI XALQ DEPUTATLARI XALQ DEPUTATLARI

KO'SHIRMESI DURIS
____ ____ ____ 20 __ i.

KO'SHIRMESI DURIS
_____ __ _____ 20 __ j.

Халық депутатлары Шымбай
ауданы Кеңесиниң
2018-жыл 27-декабрь күнги
34/118-санлы шешимине
1-қосымша

Шымбай районлық жергиликли бюджетиниң 2019-жылға дәраматлар бойынша тийкарғы көрсеткишлери

мың сўм

к\с	Түсимлер	Жоба
1	Салық төлеўдиң әпиўайыластырылған дизимин қолланыўшы микрофирма ҳәм киши кәрханалардан алынатуғын бирден бир салық төлеми	646 380
2	Физикалық тәреплердиң дәраматынан алынатуғын дәрамат салығы	14 481 130
3	Исбилерменлик пенен шуғылланатуғын юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	1 486 000
4	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	154 295
5	Физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	1 707 000
6	Жер салығы	2 534 000
7	Бирден бир жер салығы	688 000
8	Дийхан базарларынан бир мәртелик жыймлар	680 000
9	Жергиликли жыймлар	3 254 000
10	**Жәми**	**25 866 805**
1	Трансферт	100 066 778
	Түсимлердиң жәми	**125 933 583**

KO'SHIRMESI DURIS
20 __ I.

Халық депутатлары Шымбай
районы Кеңесиниң
2018-жыл 27-декабрь күнги
34/118-санлы шешимине
2-қосымша

Шымбай районлық жергиликли бюджетиниң 2019-жылға қәрежетлер бойынша тийкарғы көрсеткишлери

мың сўм

к\с	Қәрежетлер	Жоба
1	Абаданластрыў қәрежетлери	2 720 402
2	Дренаж жумыслары ушын қәрежетлери	652 952
3	Аўыл хожалығы қәрежетлери	2 596 648
4	Халық билимлендириў тараўы қәрежетлери	67 713 047
5	Мектепке шекемги билимлендириў тараўы қәрежетлери	15 357 468
6	Мәденият тараўы қәрежетлери	1 150 000
7	Ден-саўлықты сақлаў тараўы қәрежетлери	26 739 614
8	Физикалық тәрбия қәрежетлери	1 205 000
9	Баскарыў уйымларын сақлаў қәрежетлери	3 139 760
10	Баскарыў уйымларын захира қәрежетлери	1 246 867
11	Өзин-өзи басқарыў уйымларын сақлаў қәрежетлери	2 574 402
12	Бейимлестириў орайы қәрежетлери	41 965
13	Мәмлекетлик Ветеринария аймақлық бөлимлерин сақлаў қәрежетлери	795 458
	Қәрежетлердиң жәми	**125 933 583**

	Айланба касса муғдары	**752 900**